


GRATIS



JEZI KRIS AP RETOUNEN

REVELASYON FEN TAN AN

SÈN DOKTRIN

JEZI KRIS SE BONDYE?

Sous & Kontak:

Sit Entènèt: <https://www.mcreveil.org>

E-mail: mail@mcreveil.org

Jezi Kris Se Vrè Bondye a E Lavi Etènèl

***Ou menm, Danyèl, kenbe pawòl sa yo sekrè, e sele liv la pou jous tan la fen an. Lè sa plizyè pral li'l, e konesans lan pral ogmante.
Danyèl 12:4***

Ale, Danyèl, donk pawòl sa yo pral kenbe sekrè e sele pou jous tan la fen an. Plizyè pral pirifye, blanchi e chatye; mechan yo pral fè mal e okenn nan mechan yo pap konprann, men moun ki pral gen entèlijans yo pral konprann.

Danyèl 12:9-10

**Anvan pou kòmanse lekti Ansèyman sa a,
Meditè kèk tan sou kesyon sa a:**

Ki kote ou pral pase Letènite'w?

Nan Syèl?

Oswa

Nan Lanfè?

**Lanfè a Reyèl, e li Etènèl.
Panse ak sa!**

Bon lekti! Ke Bondye revele li ak ou!

Avètisman

Liv sa a gratis e pa ka nan okenn ka konstitiye yon sous komès.

Nou lib pou kopye Liv sa a pou predikasyon nou yo, ak pou distribye'l, oswa pou Evanjelizasyon nou sou Rezo Sosyal yo, a kondisyon ke kontni li nan okenn ka pa modifye ou chanje, e ke sit mcreveil.org a site kòm sous.

Malè ak ajan satan renmen lajan yo ki pral tante pou vann ansèyman sa yo ak temwanyaj sa yo!

Malè ak nou, pitit satan yo ki pran plezi po pibliye ansèyman sa yo ak temwanyaj sou Rezo Sosyal yo nan kache adrès sit Entènèt www.mcreveil.org a, oswa pou chanje kontni yo!

Konnen ke nou kapab chape nan jistis lèzòm, men nou pap chape sètènman nan jijman Bondye a.

Sèpan, ras koulèv! Kòman nou pral chape nan chatiman lanfè? Matye 23:33.

Tab Matyè yo

Avètisman	3
1- Entwodiksyon	6
2- Demonstrasyon dirèk divinite Jezi Kris	7
2.1- Jezi Kris se Bondye Kreyatè a	7
2.2- Jezi Kris te deklare Bondye pa Bondye papa a	8
2.3- Jezi Kris pwoklame tèt li Bondye.....	9
2.4- Jezi Kris Bondye Mwen menm nan	9
2.5- Jezi Kris aksepte divinite Li	9
2.6- Jezi Kris se Bondye a ki te achte Legliz la pa pwòp san li	10
2.7- Jezi Kris Bondye e Sovè.....	10
2.8- Jezi Kris se vrè Bondye a.....	10
2.9- Jezi Kris egal a Bondye	10
2.10- Jezi Kris rele Senyè	10
2.11- Jezi Kris se imaj Bondye envizib la.....	11
2.12- Nan Jezi Kris rete kòporèlman tout sa ki nan divinite a.....	12
2.13- Jezi Kris se Chèf tout chèf	12
3- Demonstrasyon endirèk divinite Jezi Kris	12
3.1- Jezi Kris se Bondye avèk nou	12
3.2- Jezi Kris se Bondye pwisan an, Papa etènèl	13
3.3- Jezi Kris se Bondye ki gen orijin Li soti nan ansyen tan yo.....	13
3.4- Jezi Kris se Premye a ak Dènye a	13
3.5- Jezi Kris Bondye ki sonde kè ak ren an	14
3.6- Jezi Kris, Bondye ki fè gras la.....	14
3.7- Jezi Kris, Bondye ki la depi nan kòmansman an	15
3.8- Jezi Kris se sèl Bondye ki merite pou adore	15
3.9- Yo sèlman priye Bondye	17
3.10- Jezi Kris se limyè a.....	17
3.11- Jezi Kris se Bèje a	17
3.12- Jezi Kris padone peche.....	17
3.13- Jezi Kris se Letènèl la.....	18
3.14- Jezi Kris se Wòch la.....	18
3.15- Jezi Kris se Bondye vivan an	18
4- Etid sa a te vrèman nesesè?.....	18
5- Omniprezans Jezi Kris.....	22
6- Omnisyans Jezi Kris	22
7- Omnipotans Jezi Kris	22
8- Konklizyon	23

Envitasyon 24

JEZI KRIS SE BONDYE?

1- Entwodiksyon

Chè frè nan Jezi Kris ak chè zanmi, nou nan fen tan yo, epi nou ap viv dènye jou yo sou tè a, anvan retou Jezi Kris la pou anlèvman lamarye L' la. Bib la revele nou ke youn nan siy ki pi frape nan fen tan yo, se apostazi a, menm jan nou ka li nan **2Tesalonik 2:3** ***"Pa kite pèsonn twonpe nou nan ankenn jan. Paske, anvan jou sa a rive, gen yon dènye revòlt kont Bondye ki pou fèt. Nou gen pou nou wè mechan an ki deja kondane pou disparèt la vini anvan."***

Malgre ke nou te antre nan apostazi a depi plizyè ane deja avèk ofisyalizasyon ekimenism lan, chak jou ki pase, nou plonje pi fon nan li. Legliz Jezi a ap travèse youn nan moman ki pi tris nan istwa li yo. Gen anpil dezòd ak konfizyon ke nou pa konnen ki kote pou nou bay tèt nou. Apostazi a te rive nan somè li yo. E lè nou konnen ke apostazi a vle di abandon ofisyèl e volontè lafwa nan Kris, nou tante pou mande tèt nou ki jan Bondye ka akize dè milyon Kreyen renonse lafwa nan Jezi, pandan ke kreyen sa yo, sepandan, bay lenpresyon renmen Jezi Kris, e yo trè zeze.

An reyalite, Bondye konnen sa ke L'ap pale a. Li pa ka oze pale sou apostazi lè ke li pa la. Nan aparans, gen plis kreyen nan mond sa a kounye a pase nan nenpòt lòt moman nan istwa limanite. Se konsa, gen kounye a sou tè a dè dizèn milyon sa yo rele kreyen ki fèt yon lòt fwa, ak dè santèn milye de sa yo rele sèvitè Bondye, kèk menm pote tit ki pat janm te egziste.

Sa yo rele sèvitè Bondye sa yo, ki pa lòt pase ajan lanfè ke satan voye espesyalman pou polye Legliz la nan fen tan sa yo, yo te entrodwi nan Legliz la tout kalite doktrin satanik, nan pwenn kote li vin trè difisil pou kèk moun ki reyèlman vle pou sove, pou fè distenksyon ant Doktrin Kris la, ak doktrin lisifè a ke yo te inonde milye relijye yo jodi a.

Anpil Kreyen, viktim nan venen ajan Lanfè sa yo, ke yo malman rele sèvitè Bondye, pase tan yo jodi ap defann fos doktrin nan, ak gwo sètetid, pou gwo kontantman satan, lènmi nanm yo. Yo tèlman zeze lè y'ap defann erezi ke ou mande tèt ou èske yo rekiperab toujou.

Nou te rive nan pwenn kote nou pa menm konnen ki moun Jezi Kris ye ankò. Konfizyon an te rive nan nivo kote nou fòse nou pou angaje nou nan bann diskisyon ak bann deba pi enkwayab yo, menm ale twò lwen pou kreye diskisyon alantou divinite Kris. Menm senp ansèyman de baz yo, ki pa ta dwe nan okenn fason fè sijè nenpòt ki diskisyon ke li ye a, e ke konpreyansyon an pa ta dwe poze okenn pwoblèm pou nenpòt ki vrè pitit Bondye, te vin pi gwo sijè deba yo.

Menm si deba sou divinite Kris la parèt kòm yon pi bon kalite distraksyon pou vrè pitit Bondye yo, nou retrouve nou malgre nou, fòse nou pou nou lanse tèt nou nan li, sa a nan bi pou genyen kèk moun ki ta dwe onètman kwense pa ajan lanfè yo. Konnen ke demon ki nan kò fizik yo, pou yo reyisi pou distrè nou, pou yo reyisi kontredi nou, epi pou yo reyisi anbarase nou, yo te oblije refize otorite Bib la. Pa gen moun ki rekonèt Otorite Bib la pral kapab kontredi nou osi lontan ke se Bib la nou ap ansenye yo.

Pou sa, pou pa tonbe nan pyèj bann pitit pèdisyon yo, anvan pou nou angaje nou nan nan nenpòt diskisyon ou nenpòt deba ozalantou Bib, nou dwe dabò mete nou dakò sou sèt (7) kondisyon sa yo.

1- Se dakò sou lefèt ke Bib la, se Pawòl Bondye.

2- Se dakò sou lefèt ke sèl Bib la ki se Pawòl Bondye, sa vle di ke, pyès lòt liv, pyès lòt dokiman, pyès lòt maniskri, ni menm yon kòmantè nan Bib la, pa reprezante Pawòl Bondye.

3- Se dakò sou lefèt ke Bondye se sèl otè Bib la, sa vle di ke pa gen nan Bib la pawòl Pyè ou Jan ou Pòl, elatriye.

4- Se dakò sou lefèt ke tout Bib la adrese avèk nou, sa vle di ke pa gen nan Bib la mesaj pou Korentyen yo, ou pou Efezyen yo, elatriye.

5- Se dakò sou lefèt ke vrè Bib la genyen 66 liv, pa youn an mwens, e pa youn an plis. 66 liv sa yo dwe genyen non liv Sent Bib yo ke nou Konnen an, e klase nan lòd nòmal bib yo menm jan ke Sent Bib la prezante yo a.

6- Se dakò sou lefèt ke Bib la vrè.

7- Se dakò sou lefèt ke sa ki pa ekri, pa konsène nou.

Sèt (7) kondisyon sa yo dwe **absoliman** respekte si nou dezire fè yon etid bibliik ou yon pataj ozalantou Bib la, ki onore Bondye. Nou pa dwe nan okenn ka lanse nou nan yon deba bibliik, avèk moun ki nye Otorite Bib la. Nou pa dwe non plis debat menm sou Bib la ak demon yo ki te renye Sent Bib la pou fabrike pròp bib pa yo. Se t'ap dezobeyi a Bondye; se t'ap tonbe nan pyèj ke Bib la rele a "... vye diskisyon bann moun kòwonpi nan bon sans e ki pa gen laverite a..."

1Timote 6:5.

Nou dwe aprann pou pa **ale pi lwen ke sa ki ekri a**, kòm Senyè a kòmande'l nan pasaj sa a **1Korentyen 4:6** "Se akòz de nou menm, frè, ke mwen te fè bagay sa yo yon aplikasyon a moun mwen ye ... **pou nou ka aprann ...pou pa ale pi lwen ke sa ki ekri a**, ..." Aprann pou rete sou **Bib la**, sou **tout** Bib la e **anyen ke** sou Bib la!

Piske nou te chwazi pou kwè ke pami moun ki refize divinite Kris la oswa gen dout li, gen kèk inyoran, sa vle di kèk moun sensè, nou pral pakouri Bib la ansanm, pou ede yo konprann. Nou pral jis fè nou mache atravè tout Bib la, avèk san yon ti kòmantè posib, epi nou pral wè ke ak Bib la, nou reyèlman pa gen pou fè okenn efò pou konvenk nenpòt moun ke Jezi Kris se Bondye.

2- Demonstrasyon dirèk divinite Jezi Kris

2.1- Jezi Kris se Bondye Kreyatè a

Jenèz 1:1 "Nan **kòmansman**, Bondye kreye syèl la ak latè a." **Jan 1:1-3** "Anvan Bondye te kreye anyen, Pawòl la te la. Pawòl la te avèk Bondye. **Sa Bondye te ye, se sa Pawòl la te ye tou.** Pawòl la te la avèk Bondye depi nan **kòmansman**. Se ak Pawòl la Bondye fè tout bagay. Nan tou sa ki te fèt, pa t' gen anyen ki te fèt san Pawòl la." **Jan 1:14** "**Pawòl la tounen moun. Li te**

vin viv nan mitan nou, li mennen yon lavi ki te konfòm nèt ak verite a, ak renmen nan tout kè li. Nou wè pouvwa li, se te pouvwa Bondye Papa a te bay sèl Pitit li a."

Premye Konklizyon: Vèsè 1 "**Sa Bondye te ye, se sa Pawòl la te ye tou**", Verse 14 "**Pawòl la tounen moun. Li te vin viv nan mitan nou**, li mennen yon lavi ki te konfòm nèt ak verite a, ak renmen nan tout kè li. Nou wè pouvwa li, se te pouvwa Bondye Papa a te bay sèl Pitit li a." Epi nou tout konnen ke sèl Pitit papa sa a, se **Jezi Kris**.

Dezyèm Konklizyon: Depi nan **kòmansman** Bondye kreye syèl la ak latè, **Jenèz 1:1**, ak **Jan 1:1** raple nou ke depi nan **kòmansman** se te Pawòl la, e ke **Pawòl la te Bondye**, e ke **Jan 1:14** di nou ke Pawòl la te vin moun, e ke Pawòl sa a ki te vin moun nan se sèl Pitit la ki soti nan Papa a, li soti natirèlman ke Bondye kreyatè a nan **Jenèz 1:1** se **Jezi**.

Kolos 1:16 "Se ak **Li** Bondye te kreye tou sa ki nan syèl la ak sou latè, sa nou wè ak sa nou pa wè. Se ak li li kreye tout lespri yo ki chita ap dominen, ki gen otorite, ki chèf epi ki gen pouvwa. Se **ak Kris** la Bondye te kreye yo tout, epi se **pou Li** li te kreye yo." **Ebre 1:10** "Yon lòt fwa, li di ankò: **Se ou menm, Mèt la**, Bondye ki te kreye latè nan kòmansman. Se avèk men ou ou te fè syèl la."

Sòm 33:6 "Senyè a pale, epi syèl la fèt. Li souffle ak bouch li, tou sa ki nan syèl la fèt." **Ezayi 42:5** "Bondye sèl Mèt ki kreye syèl la epi ki louvri l' anwo tèt nou, li menm ki fòme tè a avèk tou sa k'ap viv sou li, li menm ki bay tout moun k'ap mache sou latè souf lavi, li pale, li di konsa:"

Ezayi 45:18 "Se Seyè a ki kreye syèl la. Se li menm **sèlman ki Bondye**. Se li menm ki fè latè, ki ba li fòm li. Se li menm ki fè l' chita fèm. Li pa t' fè l' pou l' te tounen yon dezè, men pou l' te yon kote pou moun rete. Men sa li di: **Se mwen menm ki Senyè a. Nanpwen lòt.**"

Pasaj ki pi wo yo konfime ke **Jezi Kris se Bondye Kreyatè a. Jezi Kris se Kreyatè syèl la, sèl Bondye a, tankou jan Ezayi 45:18 ateste.**

2.2- Jezi Kris te deklare Bondye pa Bondye papa a

Ebre 1:1-10 "Nan tan lontan, Bondye te mete pawòl nan bouch pwofèt yo nan divès okazyon ak divès jan pou l' te ka pale ak zansèt nou yo. ²Men, nan dènye jou sa yo, se **Pitit li** a menm **Bondye** te voye pale ak nou nan non li. Se ak Pitit sa a Bondye te kreye tout bagay. Se li menm tou Bondye chwazi pou eritye tout bagay lè sa va fini nèt. ³Pitit sa a refilete limyè bèl pouvwa Bondye a, se bon pòtre Bondye li ye. Se li menm k'ap soutni tout bagay ak pouvwa pawòl li. Lè li fin delivre moun anba peche yo, li moute chita anwo nan syèl la, sou bò dwat Bondye, Gran Wa a. ⁴Pitit la sitèlman gen plis pouvwa pase zanj yo, Bondye ba l' yon non ki pi konsekan pase pa yo a. ⁵Kilès nan zanj yo Bondye te janm di: **Ou se pitit mwen**. Depi jòdi a se mwen ki papa ou? Li pa janm di okenn nan zanj li yo: M'a yon papa pou li. La yon pitit pou mwen. ⁶Men, lè Bondye t'ap voye premye Pitit li a sou latè, li te di: Se pou tout zanj Bondye yo adore li. ⁷Lè l' t'ap pale sou zanj li yo, li te di: Bondye fè zanj li yo tounen van. Li fè sèvitè l' yo tounen flanm dife. ⁸Men, lè l'ap pale sou Pitit li a, li di: **O Bondye**, gouvènman ou lan la pou tout tan. W'ap gouvènen san patipri tankou yon wa

nan peyi ou la. ⁹Ou te renmen tout sa ki byen. Ou te rayi tout sa ki mal. Se poutèt sa, **Bondye** ki **Bondye ou** la chwazi ou. Li fè kè ou kontan nèt ale, li fè pou ou bagay li pa fè pou lòt zanmi ou yo. ¹⁰Yon lòt fwa, li di ankò: Se ou menm, Mèt la, Bondye ki te kreye latè nan kòmansman. Se avèk men ou ou te fè syèl la."

Sòm 45:6-7 "Gouvènman ou lan la pou tout tan tout tan. W'ap gouvènen san patipri tankou yon wa nan peyi ou la. Ou renmen tou sa ki byen, ou rayi tou sa ki mal. Se poutèt sa, **Bondye** ki **Bondye ou l'a chwazi ou**. Li fè kè ou kontan nèt ale: Li fè pou ou bagay li pa fè pou lòt zanmi ou yo."

Lefèt ke Papa a rele Jezi Kris Bondye, temwanyen ke Jezi se reyèlman Bondye.

2.3- Jezi Kris pwoklame tèt li Bondye

Jan 10:30-36 "**Mwen** menm ak **Papa** m', **nou fè yon sèl**. ³¹Jwif yo ranmase wòch pou kalonnen li. ³²Lè sa a, Jezi di yo: Avèk pouvwa Papa a mwen fè anpil bon bagay nan mitan nou. Manyè di m' pou kilès ladan yo nou vle touye m' ak kout wòch la? ³³Jwif yo reponn li: Se pa pou okenn bon bagay nou vle touye ou ak kout wòch. Men, se paske w'ap pale mal sou Bondye. Se moun ou ye, epi **w'ap chache pase pou Bondye**. ³⁴Jezi reponn yo: Daprè sa ki ekri nan lalwa nou an, Bondye te di: Se bondye nou ye. ³⁵Nou konnen sa Liv la di, li di l' nèt. Tout moun ki resevwa pawòl Bondye, se bondye yo ye. ³⁶Mwen menm menm, se Bondye ki te mete m' apa pou li, se li ki voye m' sou latè. Ki jan nou ka di m'ap pale Bondye mal lè m' di se pitit Bondye mwen ye?"

Vèsè 33 a pèmèt nou konprann ke Jezi te rekonèt idantite divèn Li a, sa vle di, divinite li. Li pa t' nye akizasyon Jwif yo. Lè li di nan vèsè 30 lan ke Li menm ak Papa Li yo se youn, La a l'ap di ke Li se menm nati ak papa a, sa vle di Bondye.

2.4- Jezi Kris Bondye Mwen menm nan

Jan 8:58 "Jezi reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Abraram pa t' ankò fèt, **mwen menm**, mwen la deja." **Egzòd 3:14** "Bondye di Moyiz: -Sa m' ye a se sa m' ye. Apre sa li di ankò: -W'a pale ak moun pèp Izrayèl yo, w'a di yo konsa: **Mwen menm** ki rele sa m' ye a, se **mwen menm** ki voye ou bò kote yo."

Pasaj sa yo fè li posib pou konprann ke Bondye Moyiz la se tou senpleman **Jezi Kris**.

2.5- Jezi Kris aksepte divinite Li

Jan 20:26-28 "Yon semèn apre sa, disip **Jezi** yo te reyini ankò anndan kay la. Fwa sa a Toma te la avèk yo. Tout pòt yo te fèmen a kle. **Jezi** vini, li kanpe nan mitan yo, li di: benediksyon Bondye sou nou tout. ²⁷Apre sa **Li** di Toma: Mete dwèt ou isit la. Men. Gade men m' yo. Lonje men ou, mete l' la bò kòt mwen. Wete doutans nan kè ou. Kwè, tandè. ²⁸Toma reponn li: **Senyè mwen, Bondye mwen!**"

Se pou nou sonje ke Senyè Jezi pa t' reprann Toma pou sa ki ta konstitiye yon blasfèm, si Li pat vrèman Bondye. **Se konsa, Jezi se Bondye.**

2.6- Jezi Kris se Bondye a ki te achte Legliz la pa pwòp san li

Travay 20:28 "Veye kò nou, veye sou tout bann mouton Sentespri a mete sou kont nou. Okipe legliz **Bondye** a, legliz **Li** te achte ak **pwòp san** Pitit li a." **Efez 5:23** "Paske, yon mari se chèf madanm li menm jan **Kris la se chèf legliz la. Se Kris la menm ki delivre legliz la ki kò li.**"

Revelasyon 1:4-5 "Se mwen menm Jan, k'ap ekri sèt legliz ki nan pwovens Lazi yo. M'ap lapriye pou nou ka resevwa benediksyon ak kè poze ki soti nan Bondye, li menm ki la, ki te toujou la epi ki gen pou vini an, benediksyon ak kè poze ki soti nan sèt lespri yo ki kanpe devan fotèy li a, ⁵benediksyon ak kè poze ki soti nan **Jezi Kris** tou, li menm ki te bay verite a jan l' ye a, li menm premye pitit ki leve soti vivan nan lanmò a, li menm ki chèf tout wa ki sou latè. Kris la renmen nou, li bay **san Li** lè li mouri pou l' te ka delivre nou anba peche nou yo."

Pasaj sa revele nou ke Jezi Kris se Bondye ki achte Legliz la pa pwòp san Li. **Donk Jezi Kris se Bondye!**

2.7- Jezi Kris Bondye e Sovè

2Pyè 1:1 "... gremesi **Jezi Kris, Bondye nou ak Sovè nou** ki fè nou gras." **Tit 1:1-3** "Mwen menm, Pòl, mwen se sèvitè Bondye, yon apòt Jezi Kris. Se Bondye menm ki voye m' pou m' ede moun li chwazi yo rive gen konfyans nan li ... dapre lòd **Bondye, Sovè nou an, ...**" **Tit 2:11-13** "... pandan n'ap tann benediksyon li te pwomèt nou yo, lè bèl pouvwa **Jezi Kris, Bondye nou ak Delivrans nou**, va parèt." **Donk Jezi se Bondye!**

2.8- Jezi Kris se vrè Bondye a

1Jan5:20 "Nou konnen **Pitit Bondye** a te vini, li louvri lespri nou pou nou ka konnen Bondye tout bon an. N'ap viv ansanm ak Bondye tout bon an, gremesi Pitit li, Jezi Kris. **Se li menm ki Bondye tout bon an**, se li menm ki lavi ki p'ap janm fini an." **Donk Jezi se Bondye!**

2.9- Jezi Kris egal a Bondye

Filip 2:5-6; 9-11 "Se pou nou yonn gen pou lòt menm santiman ki te nan Jezi, **Kris la. ⁶Sila, ki egziste nan fòm Bondye a**, pat janm gade li tankou yon viktim. ...⁹Se poutèt sa, Bondye leve l' mete chita kote ki pi wo a. Li ba li yon non ki pi gran pase tout lòt non. ¹⁰Konsa, **tou sa ki nan syèl la, tou sa ki sou tè a ak anba tè a, yo tout va mete jenou yo atè devan Jezi** pa respè pou non Bondye te ba li a. ¹¹Tout moun va rekonèt Jezi Kris se Senyè a. Sa va sèvi yon lwanj pou Bondye Papa a."

Jan 14:7-9 "Si nou konnen m', n'a konn Papa m' tou. Men, depi koulye a nou konnen l', **nou wè l' tou.** ⁸Filip di l' konsa: Senyè, moutre nou Papa a. Se sa ase nou bezwen. ⁹Jezi reponn li: Depi tout tan sa a mwen la avè nou, Filip, ou poko konnen m' toujou? **Moun ki wè m', li wè Papa a.** Ki jan ou ka fè di: Moutre m' Papa a?" **Donk Jezi se Bondye!**

2.10- Jezi Kris rele Senyè

Efez 4:5 "Gen yon sèl **Senyè**, yon sèl konfyans, yon sèl batèm." **Revelasyon 22:20** "Moun ki garanti verite tout pawòl sa yo di: Wi, m'ap vin talè konsa!

Amèn. Vini non, **Senyè Jezi!**" **Jan 20:28** "Toma reponn li: **Senyè mwen, Bondye mwen!**" **Galat 3:20** "Lè yon moun pou kont li, li pa bezwen entèmedyè. Bondye pou kont li." **Revelasyon 1:8** "Mwen se kòmansman, mwen se finisman tankou A ak Z. Se **Bondye, Mèt** ki gen tout pouvwa a, ki di sa, li menm ki la, ki te toujou la epi ki gen pou vini an."

Revelasyon 4:8; 10-11 "Yo chak yo te gen sis zèl... Lajounen kou lannwit y'ap chante san rete: Wi, li sen, li sen, li sen vre, **Bondye sèl Mèt** ki gen tout pouvwa a, Li menm ki te la, ki la koulye a, ki gen pou vini an... ¹⁰vennkat granmoun yo tonbe ajenou fas atè devan moun ki chita sou fòtèy la, yo adore moun ki vivan pou tout tan an. Yo jete kouwòn yo devan fòtèy la. Yo di: ¹¹**O Bondye, Mèt nou**, ou merite pou ou resevwa lwanj, respè ak pouvwa. Se ou menm ki fè tout bagay. Si yo la, si yo gen lavi, se paske ou vle l'."

Revelasyon 11:17 "Yo t'ap di: **O Mèt, Bondye ki gen tout pouvwa**, ou menm ki la epi ki te toujou la, n'ap di ou mèsè dèskè ou sèvi ak gwo pouvwa ou la, pou ou pran gouvènman an nan men ou." **Revelasyon 15:3** "Yo t'ap chante chante Moyiz, sèvitè Bondye a, ansanm ak chante ti Mouton an Bondye, **Mèt ki gen tout pouvwa**, tou sa ou fè, se bèl bagay! Ou menm ki wa tout nasyon, plan travay ou yo dwat, se verite yo ye."

Revelasyon 17:14 "Y'a goumen kont ti Mouton an. Men, ti Mouton an va kraze yo, paske li **Chèf tout chèf**, li Wa tout wa..." **Revelasyon 19:16** "Sou rad li ak sou janm li yo te ekri non sa a: Wa tout wa yo, **Chèf tout chèf yo**."

Revelasyon 22:5-6 "P'ap janm fè nwit ankò. Moun yo p'ap bezwen ni limyè lanp ni limyè solèy, paske **Mèt la, Bondye**, va klere yo, li va yon limyè pou yo. Lè sa a y'a gouvènen pou tout tan. ⁶Après sa, zanj lan di mwen: Pawòl sa yo se verite. Tout moun dwe kwè yo. **Bondye Mèt la**, li menm ki mete pawòl li nan bouch pwofèt yo, se li menm ki voye zanj li a vin moutre sèvitè l' yo sa ki pral rive anvan lontan."

Revelasyon 1:1 "Men revelasyon Bondye te bay **Jezi Kris** pou l' te fè sèvitè l' yo konnen sa ki gen pou rive anvan lontan. Se Kris la menm ki voye zanj li bò kot Jan, sèvitè l' la, pou fè l' konnen tout bagay sa yo."

Ezayi 40:3 "Tande vwa yon moun k'ap rele byen fò: -Pare chemen Senyè a nan dezè a. **Louvri yon wout nan savann lan pou Bondye nou an!**". Akonplisman pwofesi sa a trouve li nan **Matye 3:3** "Se sou Jan pwofèt Ezayi t'ap pale lè l' te di: Se vwa yon nonm k'ap rele nan dezè a: **Pare gran wout Senyè nou an. Plan chemen an byen plan pou li.**" Li te di nou ke vwa a ki te dwe kriye bagay sa yo se vwa Jan Batis. Men, pou ki moun ke Jan Batis te prepare chemen an? Pou Jezi Kris. **Jezi se Bondye!**

2.11- Jezi Kris se imaj Bondye envizib la

Kolos 1:12-13; 15-19 "Ak kè kontan, se pou nou di Papa a mèsè, li menm ki ban nou privilèj resevwa pòsyon pa nou nan eritaj Bondye sere pou tout moun pa l' yo nan peyi limyè a. ¹³Li rache nou anba pouvwa fènwa a, li fè nou antre nan peyi kote Pitit li renmen anpil la wa. ... ¹⁵**Kris se pòtre Bondye, Bondye nou pa ka wè a**. Se li menm ki premye pitit li. Li te la anvan tou sa Bondye te

kreye. ¹⁶Se ak **Li** Bondye te kreye tou sa ki nan syèl la ak sou latè, sa nou wè ak sa nou pa wè. Se ak li li kreye tout lespri yo ki chita ap dominen, ki gen otorite, ki chèf epi ki gen pouvwa. **Se ak Kris la Bondye te kreye yo tout, epi se pou li li te kreye yo.** ¹⁷Kris la te la anvan tout bagay. Se nan li yo tout jwenn plas yo. ¹⁸Se li ki tè legliz la, legliz la se kò li. Se li menm ki bay kò a lavi. Se li menm an premye ki te leve soti vivan nan lanmò pou l' te ka gen premye plas nan tout bagay. ¹⁹Se **Bondye** menm ki te vle pou **tou sa l' ye a, se sa pou Kris la ye tou.**"

2Korint 4:4 "Yo pa kwè paske sa yo pran pou Bondye nan lemonn lan bouche lespri yo. Li enpoze yo wè limyè bon nouvèl la. Se bon nouvèl sa a ki fè nou konnen pouvwa Kris la, **li menm ki pòtre Bondye.**" ***Donk Jezi Kris se Bondye!***

2.12- Nan Jezi Kris rete kòporèlman tout sa ki nan divinite a.

Kolos 2:6-9 "Se konsa, nou menm ki asepte **Kris** la pou Senyè nou an, se pou nou viv yon jan ki dakò ak li. ⁷Se pou nou anrasinen nan li, se pou nou bati tout lavi nou sou li. Kenbe pi fèm toujou nan konfyans nou gen nan li a, jan yo te moutre nou sa, san nou pa janm sispann di Bondye mèsi. ⁸Fè atansyon pou nou pa kite pèsoun twonpe nou ak bèl diskou filozòf yo, ak diskisyon ki pa vo anyen. Bagay sa yo soti nan koutim lèzòm, nan jan yo konprann bagay ki nan lemonn. Yo pa soti nan Kris la. ⁹**Se nan lavi Kris la t'ap mennen nan kò li a nou jwenn tou sa Bondye ye.**" **Jezi Kris se Bondye!**

2.13- Jezi Kris se Chèf tout chèf

Revelasyon 17:14 "Y'a goumen kont ti Mouton an. Men, ti Mouton an va kraze yo, paske li **Chèf tout chèf**, li Wa tout wa..." **Revelasyon 19:16** "Sou rad li ak sou janm li yo te ekri non sa a: Wa tout wa yo, **Chèf tout chèf yo.**"

1Timote 6:13-15 "Devan Bondye ki bay tout bagay lavi, ... pou yo pa jwenn anyen pou repwoche ou lè **Jezi Kris, Senyè** nou an, va parèt. ... Lè lè a va rive, Bondye va fè nou wè l'. Se li menm ki sèl otorite, se pou li sèl nou dwe fè lwanj. Li wa tout wa, li **chèf tout chèf.**"

Deteronòm 10:17 "Paske Senyè a, Bondye nou an, se li menm ki Bondye anwo tout bondye, se li menm ki **chèf sou tout chèf**. Li gen pouvwa, li gen fòs, li fè moun respekte l'..." **Sòm 136:3** "Di **chèf ki pi gwo chèf** pase tout chèf yo mèsi. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou!" **Jezi Kris se Senyè tout senyè, se konsa, Li se Bondye!**

3- Demonstrasyon endirèk divinite Jezi Kris

3.1- Jezi Kris se Bondye avèk nou

Ezayi 7:14 "Enben! Se Senyè a menm ki pral ban nou yon siy. Men li: Jenn tifi ki ansent lan pral fè yon pitit gason, l'a rele l' **Emannwèl** ki vle di: **Bondye avèk nou.**" **Matye 1:21-23** "Li pral fè yon pitit gason. Wa rele l' Jezi. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche l' yo. ²²Tou sa pase konsa pou pawòl Bondye te mete nan bouch pwofèt la te ka rive vre. Men sa l' te di: ²³Men li, jenn fi a pral ansent, li pral fè yon pitit gason. Y'a rele l' **Emannwèl**. Non sa a vle di: **Bondye avèk nou.**" **Se konsa, Jezi Kris se Bondye!**

3.2- Jezi Kris se Bondye pwisan an, Papa etènèl

Ezayi 9:6 "Nou gen yon ti **pitit ki fenk fèt**. Bondye ban nou yon gason. Se li menm ki pral chèf nou. Y'a rele l': Bon konseye k'ap fè bèl bagay la, **Bondye ki gen tout pouvwa a, Papa ki la pou tout tan an**, Wa k'ap bay kè poze a!" Nou wè pwogrè nan pwofesi sa a ki nan **Lik 2:11** "Jòdi a, nan lavil David la, nou gen yon Sovè ki fenk fèt: **se Kris la, Senyè a.**" ***Jezi Kris se Bondye!***

3.3- Jezi Kris se Bondye ki gen orijin Li soti nan ansyen tan yo

Miche 5:2 "Senyè a di ankò: Men ou menm, lavil Bètleyèm, Efrata, ou se yonn nan pi piti nan tout lavil peyi Jida yo, se vre! Men, se nan mitan ou **m'ap fè soti pou mwen yon chèf pou pèp Izrayèl la, yon chèf k'ap soti nan yon fanmi ki la depi lontan lontan.**" Nou wè pwogrè pwofesi sa a nan **Matye 2:1-6** "Jezi te fèt lavil Bètleyèm nan peyi Jide, sou tan wa Ewòd. Apre li te fèt, kèk nèg save ki konn etidye zetwal yo soti nan peyi solèy leve, yo rive lavil Jerizalèm. ²Yo t'ap mande: Kote wa jwif ki fenk fèt la? Nou wè zetwal li parèt depi nan peyi nou an, nou vin adore li. ³Lè wa Ewòd pran nouvel la, sa te boulvèse tèt li. ... Li mande yo: Ki kote Kris la gen pou l' fèt? ⁵Yo reponn li: Se lavil Bètleyèm nan peyi Jide li gen pou l' fèt. Paske, men sa pwofèt la te ekri: ⁶Ou menm, Bètleyèm, ki bati sou tè Jida a, pawòl sèten: se pa ou ki pi piti nan tout lavil peyi Jida yo. Paske, gen yon chèf ki gen pou soti lakay ou. Se li menm ki va kondi moun Izrayèl yo, pèp mwen an." ***Donk orijin Jezi Kris soti nan tan lontan***, nan jou Letènite a. ***Jezi Kris se Bondye!***

3.4- Jezi Kris se Premye a ak Dènye a

Ezayi 41:4 "Se travay ki moun sa? Kilès ki lakòz tout bagay sa yo rive? Ki moun ki depi nan kòmansman ap rele lèzòm, pitit an pitit, pou yo fè travay li sou latè? Se mwen menm, **Senyè a, ki la anvan yo tout. Se mwen menm k'ap toujou la apre yo tout.**" **Ezayi 43:10** "Men pawòl Senyè a di: -Se nou menm menm ki pou sèvi m' temwen. Se nou menm mwen te chwazi pou sèvi m', pou nou konnen m', pou nou kapab mete konfyans nou nan mwen, pou nou ka konprann se mwen menm sèl ki Bondye tout bon an. **Anvan mwen, pa t' gen lòt bondye. Apre mwen, p'ap gen lòt bondye.**"

Ezayi 44:6 "Senyè ki wa pèp Izrayèl la, Senyè ki gen tout pouvwa a, li menm k'ap delivre pèp la, men sa li di: -**Se mwen menm ki te la anvan tout bagay, Se mwen menm k'ap la apre tout bagay.** Pa gen lòt bondye pase mwen menm sèl." **Ezayi 48:12** "Nou menm fanmi Jakòb yo, Nou menm pèp Izrayèl mwen te chwazi a, koute m' byen. **Se mwen menm ki te la anvan tout bagay, Se mwen menm k'ap la apre tout bagay kaba.** Mwen p'ap janm chanje."

Nan asosye vèsè ki anwo yo ak sa ki anba yo, nou konprann pi byen.

Revelasyon 1:1-17 "Men revelasyon Bondye te bay Jezi Kris pou l' te fè sèvitè l' yo konnen sa ki gen pou rive anvan lontan. Se Kris la menm ki voye zanj li bò kot Jan, sèvitè l' la, pou fè l' konnen tout bagay sa yo. ... ⁵benediksyon ak kè poze ki soti nan Jezi Kris tou, li menm ki te bay verite a jan l' ye a, li menm premye pitit ki leve soti vivan nan lanmò a, li menm ki chèf tout wa ki sou latè.

Kris la renmen nou, li bay san li lè li mouri pou l' te ka delivre nou anba peche nou yo. ... ⁸Mwen se kòmansman, mwen se finisman tankou A ak Z. Se Bondye, Mèt ki gen tout pouvwa a, ki di sa, li menm ki la, ki te toujou la epi ki gen pou vini an. ... ¹⁷Lè mwen wè l', mwen tonbe nan pie l' tankou yon moun ki mouri. Li mete men dwat li sou mwen, li di m' konsa: Ou pa bezwen pè! **Se mwen ki premye, se mwen ki dènye.**"

Revelasyon 21:6 "Aprè sa li di ankò: Bon. Tout bagay fin fèt. Mwen se A ak Z, **mwen se kòmansman, mwen se finisman ...**" **Revelasyon 22:13** "Se mwen menm ki A ak Z, **se mwen menm ki premye ak dènye**, se mwen menm ki kòmansman ak finisman." Jezi Kris Li menm te deklare ke Li se Premye a ak Dènye a, menm jan Li te fè nan **Ezayi 44:6. Jezi Kris Etènèl, ki donk Li se Bondye.**

3.5- Jezi Kris Bondye ki sonde kè ak ren an

Jeremi 17:10 "Mwen menm Senyè a, **mwen konnen tout lide ki nan tèt yo, mwen sonde santiman ki nan kè yo.** M'ap bay chak moun sa yo merite dapre jan yo mennen bak yo."

Revelasyon 2:18-23 "Ekri zanj legliz ki nan lavil Tiyati a. Di l' konsa: Men sa pitit Bondye a voye di ou, li menm ki gen je l' yo tankou de flanm dife, ak pye l' yo klere tankou kwiv poli ... ²³Aprè sa, m'ap fè tout pitit li yo mouri. Konsa, tout legliz yo va konnen **mwen se moun ki konnen tout lide lèzòm ap fè nan tèt yo ak tout santiman yo gen nan kè yo.** M'ap bay chak moun sa yo merite dapre sa yo fè." Nou wè ke Jezi Kris se sila ki sonde kè ak ren an. **Donk Li se Bondye.**

3.6- Jezi Kris, Bondye ki fè gras la

Rom 3:30 "Paske se yon sèl Bondye a ki genyen. L'ap fè moun ki sikonsi yo **gras** paske yo gen konfyans nan li. Konsa tou, l'ap fè moun ki pa sikonsi yo **gras** paske yo menm tou yo gen konfyans nan li." **Rom 8:33** "Ki moun ki va akize moun Bondye chwazi yo? Pèsonn. Paske se **Bondye menm ki fè yo gras!**" **Travay 13:37-39** "Men, moun Bondye te leve soti vivan nan lanmò a, li pa janm pouri anba tè ... ³⁹Frè m' yo, nou fèt pou nou konn sa byen: Bondye voye Jezi fè nou konnen l'ap padone tout peche nou yo: tout moun ki mete konfyans yo nan Jezi, y'ap delivre anba tout peche lalwa Moyiz la pa t' ka wete pou yo."

Rom 5:8-9 "Sou pwèn sa a, Bondye moutre nou jan li renmen nou anpil; paske nou t'ap fè peche toujou lè Kris la mouri pou nou. ⁹Se paske **li bay san li** pou nou ki fè koulye a Bondye fè nou gras. Nou pa bezwen mande si Kris la p'ap delivre nou tou anba kòlè Bondye."

1Korint 6:11 "Anpil nan nou, se sa menm nou te ye. Men, koulye a Bondye mete nou nan kondisyon pou nou sèvi l'. **Gremesi Jezi Kris, Senyè a, li mete nou apa pou li,** Li fè nou gras pa pouvwa Lespri Bondye nou an."

Galasi 2:16-17 "Men, nou konnen se pa paske yon moun fè tou sa lalwa jwif yo mande ki fè li inonsan devan Bondye, men **se lè li mete konfyans li nan Jezi Kris Bondye va fè l' gras.** Se poutèt sa, nou menm tou, nou te mete konfyans nou nan Jezi Kris. Konsa, se pa paske nou te fè sa lalwa jwif yo mande

ki fè Bondye fè nou gras, men se paske nou te mete konfyans nou nan li. Bondye p'ap fè pèsounn gras paske li fè sa lalwa mande. ¹⁷Men, si antan m'ap chache pou Bondye **fè m' gras gremesi Kris la**, moun wè m'ap fè peche menm jan ak moun lòt nasyon yo, èske sa vle di se nan avantaj peche a Kris la ap travay? Non, yo pa ka di sa."

Tit 3:5-7 "Li te delivre nou. Li pa t' delivre nou paske nou te fè kèk bagay ki bon, men paske li menm li te gen pitye pou nou. Li delivre nou lè li lave nou, li voye pouvwa Sentespri li nan nou pou chanje nou nèt, pou n' te ka viv yon lòt jan. ⁶Bondye voye Sentespri li sou nou an kantite, gremesi Jezi, Kris la, ki delivre nou. ⁷Avèk favè sa a Bondye fè nou an, **Li fè nou gras**. Koulye a nou ka resevwa sa n'ap tann lan: lavi ki p'ap janm fini an."

Pasaj sa a, pwouve ke se Jezi Kris, ki fè gras. **Ki donk, Jezi Kris se Bondye!**

3.7- Jezi Kris, Bondye ki la depi nan kòmansman an

Pwovèb 8:22-30 "**Senyè a te fè m' lè li te fèk kòmanse ak plan travay li.** Li te fè m' lontan lontan anvan tout bagay. ²³**Li te fè m' nan kòmansman nèt, an premye, anvan tout lòt bagay sou latè.** ²⁴Lè m' te fèk parèt, pa t' ankò gen lanmè. pa t' ankò gen ankenn sous dlo. ²⁵Lè m' te fèt la, pa t' ankò gen ankenn mòn menm. Ata ti mòn yo pa t' ankò nan plas yo. ²⁶Bondye pa t' ankò fè latè ak jaden. Pa menm premye grenn pousyè tè a pa t' ankò fèt. ²⁷**Mwen te la** lè li t'ap mete syèl la nan plas li, lè li t'ap trase liy kote syèl la kontre ak latè a. ²⁸**Mwen te la** lè li t'ap mete nyaj yo nan syèl la, lè li t'ap fè sous dlo pete anba lanmè a. ²⁹**Mwen te la** lè li t'ap bay dlo lanmè a limit pou l' pa depase, lè li t'ap poze fondasyon tè a. ³⁰**Mwen te la bò kote l' ap travay avè l'.** Chak jou mwen t'ap fè tout bagay ki te fè l' plezi. Mwen te toujou kontan travay anba je l'."

Nan asosye vèsè ki anwo yo avèk sa yo, nou konprann pi byen. **Kolos 1:18-19** "... Se li menm ki bay kò a lavi. Se li menm **an premye ki te leve soti vivan nan lanmò pou l' te ka gen premye plas nan tout bagay.** ¹⁹Se Bondye menm ki te vle **pou tout sa l' ye a, se sa pou Kris la ye tou.**" **Jan 1:1-3** "Anvan Bondye te kreye anyen, Pawòl la te la. Pawòl la te avèk Bondye. Sa Bondye te ye, se sa Pawòl la te ye tou. ²Pawòl la te la avèk Bondye depi nan kòmansman. ³Se ak Pawòl la Bondye fè tout bagay. Nan tou sa ki te fèt, pa t' gen anyen ki te fèt san Pawòl la."

Pasaj sa yo pèmèt nou konprann ke se de Pitit etènèl Bondye a, sa vle di, Jezi Kris. **Ki donk, Jezi Kris se Bondye!**

3.8- Jezi Kris se sèl Bondye ki merite pou adore

Matye 4:8-10 "Satan mennen Jezi ankò sou yon mòn ki byen wo. Li moutre l' tout peyi ki sou latè ansanm ak tout richès yo. ⁹Li di l' konsa: M'ap ba ou tout bagay sa yo, si ou mete ou ajenou devan m' pou ou adore m'. ¹⁰Jezi reponn li: Wete kò ou sou mwen, Satan. Paske, men sa ki ekri: **Se Mèt la, Bondye ou, pou ou adore, se li menm sèl pou ou sèvi.**"

Lik 4:8 "Jezi reponn li: Men sa ki ekri: Se Mèt la, Bondye ou, pou ou **adore**. Se li menm ase pou ou sèvi." **Revelasyon 19:9-10** "Zanj lan di m': Ou mèt ekri: benediksyon pou tout moun ki envite nan resepsyon maryaj ti Mouton an. Apre

sa li di m': Pawòl sa yo se pawòl Bondye tout bon. ¹⁰Mwen lage kò m' atè pou m' adore li. Men, li di m': Non, pa fè sa. Se sèvi m'ap sèvi Bondye ansanm avè ou, ansanm ak tout frè ou yo ki kenbe pawòl Jezi a byen fèm. **Se Bondye pou ou adore...**"

Revelasyon 22:8-9 "Mwen menm Jan, mwen tande bagay sa yo, mwen wè yo. Apre mwen fin tande yo, apre mwen fin wè yo, mwen tonbe ajenou nan pye zanj ki te fè m' wè yo a pou m' adore li. ⁹Men, li di mwen: Non pa fè sa. Se sèvi m'ap sèvi Bondye ansanm avè ou, ansanm ak tout frè ou yo ki pwofèt Bondye, ansanm ak tout moun k'ap obeyi pawòl ki nan liv sa a. **Se Bondye pou ou adore.**" Zanj lan di yo adore sèlman Bondye, epi anpil fwa nan Bib la yo te adore Jezi. Ann li pasaj sa yo:

Matye 28:9 "Yo rete konsa, yo wè Jezi parèt devan yo, li di yo: Bonjou, medam. Yo pwoche bò kote l', yo kenbe pye l', yo **adore Li.**" **Lik 24:51-52** "Antan l'ap beni yo konsa, li separe ak yo, li moute nan syèl la. ⁵²Yo menm menm, **lè yo fin adore L',** yo tounen lavil Jerizalèm ak yon gwo kè kontan."

Jezi pa janm anpeche nenpòt ki moun adore L'. Si Jezi pat Bondye, li ta di disip Li yo pa adore Li, menm jan zanj lan te fè nan Revelasyon. Lòt pasaj sa yo pèmèt nou konprann ke se sèlman Bondye nou dwe adore.

Matye 2:1-2 "Jezi te fèt lavil Bètleyèm nan peyi Jide, sou tan wa Ewòd. Apre li te fèt, kèk nèg save ki konn etidye zetwal yo soti nan peyi solèy leve, yo rive lavil Jerizalèm. ²Yo t'ap mande: Kote wa jwif ki fenk fèt la? Nou wè zetwal li parèt depi nan peyi nou an, nou vin **adore li.**" **Matye 2:11** "Yo antre nan kay la, yo wè ti pitit la ansanm ak Mari, manman li. Yo mete ajenou devan l', yo **adore L'.** Apre sa, yo louvri sak yo, yo ba li anpil kado: te gen lò, lansan ak lami."

Jan 9:35-38 "Jezi te vin konnen yo te mete nonm ki te avèg la deyò nan sinagòg la. Lè li kontre avè l', li di l' konsa: Èske ou kwè nan Moun Bondye voye nan lachè a? ³⁶Nonm lan reponn li: Mèt, di m' ki moun li ye pou m' ka kwè nan li? ³⁷Jezi reponn li: Apa w'ap gade li! Se li menm k'ap pale avè ou la a wi. ³⁸Nonm lan di: Senyè, mwen kwè. Epi **li tonbe ajenou devan Jezi.**" **Ebre 1:6** "Men, lè Bondye t'ap voye premye Pitit li a sou latè, li te di: Se pou tout zanj Bondye yo **adore Li.**"

Revelasyon 4:10-11 "Venn kat granmoun yo tonbe ajenou fas atè devan moun ki chita sou fòtèy la, yo **adore** moun ki vivan pou tout tan an. Yo jete kouwòn yo devan fòtèy la. Yo di: ¹¹O Bondye, Mèt nou, ou merite pou ou resevwa lwanj, respè ak pouvwa. Se ou menm ki fè tout bagay. Si yo la, si yo gen lavi, se paske ou vle l'."

Revelasyon 5:8 "Lè li pran liv la, kat bèt vivan yo ansanm ak venn kat granmoun yo **tonbe ajenou devan ti Mouton an.** Yo chak te gen nan men yo yon gita pou fè mizik ak yon gode fèt an lò ki te plen lansan. Lansan an se lapriye moun Bondye yo."

Revelasyon 5:12-14 "Zanj yo t'ap chante byen fò: Ti Mouton yo te touye a merite vre pou yo ba l' pouvwa, richès, bon konprann ak fòs, respè, onè ak lwanj. ¹³Apre sa, mwen tande tout kreyati Bondye yo nan sièl la, sou latè, anba tè a, nan lanmè, yo tout yo t'ap chante: Lwanj, respè, pouvwa, otorite pou Moun

ki chita sou fòtèy la, ak pou ti Mouton an pou tout tan. ¹⁴Kat bèt vivan yo t'ap reponn: Wi, se vre. Granmoun yo menm **tonbe ajenou, yo t'ap adore.** " ***Jezi Kris se Bondye!***

3.9- Yo sèlman priye Bondye

Matye 7:21-22 "Se pa **tout moun k'ap plede di m': Mèt, Mèt**, ki pral antre nan peyi Wa ki nan syèl la, men se sèlman moun ki fè volonte Papa m' ki nan syèl la. ²²**Lè jou sa a va rive, anpil moun va di m': Mèt, Mèt**, se sou non ou nou t'ap bay mesaj ki soti nan Bondye a. Se sou non ou nou te chase move lespri yo. Se sou non ou nou te fè anpil mirak."

Travay 7:59 "Pandan yo t'ap voye wòch sou Etyèn, Etyèn menm t'ap lapriyè, li t'ap di: Senyè Jezi, resevwa lespri mwen." **2Korint 12:8** "An twa fwa mwen lapriyè Senyè a pou maladi sa a, mwen mande l' pou l' wete li sou mwen." **Revelasyon 22:20** "Moun ki garanti verite tout pawòl sa yo di: Wi, m'ap vin talè konsa! Amèn. Vini non, Senyè Jezi!" ***Si Jezi Kris pat' Bondye, pa gen okenn lapriyè yo ta adrese L'.***

3.10- Jezi Kris se limyè a

2Samyèl 22:29 "Senyè, ou se **limyè** mwen. Se ou ki wete m' nan fènwa kote m' te ye a." **Sòm 27:1** "Se yon sòm David. Senyè a se **limyè** mwen, se li ki delivrans mwen. Ki moun ki ka fè m' pè? ..."

Ezayi 60:19-20 "Se pa solèy la ki pral klere nou lajounen. Ni nou p'ap bezwen klète lalin lan pou klere nou lannwit. Se mwen menm, Senyè a, ki pral sèvi nou **limyè** pou tout tan. Se Bondye nou an ki pral leve tèt nou. ²⁰Solèy nou an p'ap janm kouche ankò. Lalin nou an p'ap janm disparèt. Se Senyè a menm ki pral sèvi nou **limyè** pou tout tan. Jou lafliksyon nou yo fini."

Jan 1:4-9 "Lavi, se nan li sa te ye. Se lavi sa a ki te bay tout moun **limyè**. ... ⁹**Limyè** sa a, se li ki **limyè** tout bon an. Se li menm ki vin sou latè epi k'ap klere tout moun." **Jan 8:12** "Jezi pale ankò ak foul moun yo, li di: **Se mwen menm ki limyè k'ap klere tout moun ki sou latè**. Moun ki swiv mwen va gen **limyè ki bay lavi a**. Yo p'ap janm mache nan fènwa."

3.11- Jezi Kris se Bèje a

Ezekyèl 34:15 "Se **mwen menm ki pral okipe mouton m' yo**. Se mwen menm k'ap jwenn yon kote pou yo poze. Se mwen menm, Senyè sèl Mèt la, ki di sa." **Ezekyèl 34:31** "Nou menm, moun, **se mouton mwen nou ye**, bann mouton m'ap okipe yo. Mwen menm, se Bondye nou mwen ye. Se Senyè sèl Mèt la ki di sa." **Jan 10:11** "**Se mwen menm ki bon gadò mouton yo**. Bon gadò a ap bay lavi l' pou mouton l' yo." **Ezayi 40:9-11** "Nou menm moun lavil Jerizalèm, moute sou yon mòn byen wo, gaye bon nouvèl la! Nou menm moun mòn Siyon yo, pale byen fò, gaye bon nouvèl la! Nou mèt pale fò. Nou pa bezwen pè! Di moun lavil peyi Jida yo men Bondye nou an ap vini! ... ¹¹**Tankou yon gadò**, l'ap okipe mouton l' yo..."

3.12- Jezi Kris padone peche

Lik 5:20-24 "Jezi wè jan yo te kwè nan li, li di nonm malad la: Monchè, tout peche ou yo padone. ²¹Dirèktè lalwa ak farizyen yo t'ap di nan kè yo: Kilès nonm

sa a k'ap pale mal sou Bondye konsa? **Pa gen moun sou latè ki ka padone peche: sa se travay Bondye sèlman.** ²²Jezi menm te konnen sak t'ap pase nan tèt yo, li di yo konsa: Poukisa n'ap fè lide konsa nan tèt nou? ²³Ki sak pi fasil pou m' di: Peche ou yo padone osinon: Leve kanpe, mache. ²⁴Enben, m'ap fè nou konnen mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen gen **pouvwa sou latè pou m' padone peche....**"

3.13- Jezi Kris se Letènèl la

Ezayi 43:10-12 "Men pawòl Letènèl di: **-Se nou menm menm ki pou sèvi m' temwen.** ... Anvan mwen, pa t' gen lòt bondye. Apre mwen, p'ap gen lòt bondye. ¹¹Se mwen menm sèl ki Mèt la, Letènèl. Pa gen lòt ki ka delivre nou pase mwen menm! ¹²...**Nou menm, se temwen mwen nou ye. Se mwen ki Bondye. Se Senyè a menm ki di sa.**" Jezi di disip li yo nan **Travay 1:8** "... **N'a sèvi m' temwen...**" **Jezi Kris se Etènèl la, se konsa, Li se Bondye.**

3.14- Jezi Kris se Wòch la

Sòm 18:31 "Ki moun ki Bondye si se pa Senyè a? Ki moun ki pran defans nou si se pa Bondye nou an?" Bib la klè di nou nan **1Korint 10:4** ke wòch la se Kris la. **Se konsa, Jezi Kris se Bondye.**

3.15- Jezi Kris se Bondye vivan an

1Timote 4:10 "*Se poutèt sa ou wè n'ap travay di, n'ap goumen konsa. Paske, nou mete tout espwa nou nan **Bondye vivan an** k'ap **sove tout moun**, espesyalman moun ki gen konfyans nan li.*" Nou konnen ke Sovè a se Kris la dapre **Lik 2:11** "Jòdi a, nan lavil David la, nou gen **yon Sovè** ki fenk fèt: **se Kris la**, Senyè a." E isit la se Li ki rele Bondye vivan an. Bib la deklare ke Jezi Kris se Bondye, men tou li demontre li.

An rezime, chèn frè m' yo ak chèn zanmi, nou dwe sonje ke, ale nan Bib la pou eseye jwenn vèsè pou pwouve ke **Jezi Kris se Bondye**, se chwazi pou plonje nan yon letan pwason ki plen ak pwason pou pwouve egzistans pwason. Bib la soti nan Jenèz pou rive nan Revelasyon pale de Jezi, ak pwouve ke **Jezi Kris se Bondye**. Chak liv nan Bib la temwanyen sou lefèt ke **Jezi Kris se Bondye**. Sèlman pasaj sa a ki soti nan **Lik 24:25-44** te site pi ba a, pèmèt nou konprann san anbigite ke tout Ansyen Testaman an te pale sèlman de Jezi.

Lik 24:25-44 "*Lè sa a **Jezi** di yo: Ala moun san konprann! Ki jan lespri nou fè lou pou kwè tou sa pwofèt yo te di konsa! ... ⁴⁴**Epi li di yo: Men sa m' t'ap di nou an lè m' te la avèk nou toujou a. Tout sa ki te ekri sou mwen nan lalwa Moyiz la, nan Liv pwofèt yo, menm nan sòm yo, fòk tou sa te rive.***"

Se pou nou sonje li byen: **se te moun ki pa t' vle aksepte divinite Kris ki te kloure L' sou kwa a. Tout moun ki kontinye jodi a refize divinite Kris, yo toujou ap krisifye Li, ankò e ankò.**

4- Etid sa a te vrèman nesesè?

Repons lan evidamman se Non. Sa a se paske gen bagay ki pa dwe anseye a vrè pitit Bondye yo. Gen bann bagay ke vrè pitit Bondye yo dwe konprann

natirèlman, e tou senpleman. A propo sa a, yon moun yon fwa te di konsa: "***Ki kote li soti ke divinite Kris la tounen yon pwoblèm menm nan mitan sa yo rele Kreyen yo? Poutan sijè sa a tèlman klè nan Bib la.***"

Kòm nou sot konstate'l, chak pati nan Bib la pwouve nou ke Jezi Kris se Bondye, epi chak liv nan Bib la pwouve nou ke Jezi Kris se Bondye. Ale byen lwen jis pou pwouve a pitit Bondye yo ke Jezi Kris Mèt yo a, Senyè yo a, yo Sovè yo a, Redanmèt yo a, Bèje yo a, Gid yo a, Plak pwotèj yo a, Bondye yo a, ... se Bondye, se tou senpleman ridikil. Paske si Jezi Kris pa Bondye, ki sa Pitit Bondye yo ta ye?

Imajine pou yon moman ke Jezi Kris pa Bondye, epi eseye konprann konsekans yo. Kite m' eksplike nou ki sa doktrin satanik sa a sinyifi ki di ke Jezi Kris pa Bondye a. Doktrin sa a tou senpleman ap ansenye lemonn antye ke Bondye pat janm egziste, ke Bib la fo, e ke tout moun ki te mouri depi bann jenerasyon pou Bondye oswa pou Jezi Kris yo, yo tout te mouri pou gremesi. Men sa doktrin satanik sa a vle di.

Mwen pral lanse'm nan yon seri anafò pou ede nou pi byen konprann gravite doktrin satanik sa a dapre li menm Jezi Kris pa ta Bondye. Abominasyon sa a se an reyalye youn nan pi gwo blasfèm ki ka egziste.

Si Jezi Kris pa Bondye, se ke tout moun ki kwè nan Li pou sali yo, yo tout pèdi, paske yo ta kwè nan yon sovè envante, nan yon sovè imaginè, nan yon sovè ki an reyalye pa egziste.

Si Jezi Kris pa Bondye, se ke moun sa yo k'ap adore L' yo, yo tout ap sèvi zidòl, pou adore yon lòt bondye pase Bondye Kreyatè a se sèvi zidòl. Idolatri se yon peche ki mennen tou dwat nan Lanfè. Se konsa, moun k'ap swiv Jezi Kris yo yo tout pral ale nan lanfè, dapre doktrin demon sa a.

Si Jezi Kris pa Bondye, se ke tout Bib la fo, piske li ansenye, soti nan Ansyen Testaman rive nan Nouvo a, ke Jezi Kris se Bondye.

Si Jezi Kris pa Bondye, se ke Bondye se yon mantè, Li, ki te di ke *Jezi Kris, sèl pitit gason L' lan, se Bondye*.

Pou nou menm, sa yo rele Kreyen yo, k'ap sipòte doktrin lisifè sa a, e k'ap defann ke Jezi Kris pa Bondye a, nou kounye a te konprann trè byen gravite peche ke nou te komèt la. ***A nou menm pou repanti imedyatman si nou soti nan Bondye, oswa pou nou fè tèt di si nou se bann demon.***

Nou menm Pitit Bondye yo, ann di ke, nou te bay lavi nou a Jezi. Si Jezi Kris pa Bondye, se ke nou te bay lavi nou, swa ak yon nonm, swa ak yon objè, swa ak yon mons.

Nou menm Pitit Bondye yo, ann di ke, nou te sove pa Jezi. Si Jezi Kris pa Bondye, se ke nou pat sove, piske se sèlman Bondye ki ka sove. Okenn moun pa kapab sove yon lòt.

Nou menm, Pitit Bondye yo, ann di ke, Jezi Kris viv nan nou. Si Jezi Kris pa Bondye, se ke nou, tout posede. Se ke se yon nonm ki rete nan nou, swa yon mons, swa lespri moun mouri.

Nou menm, Pitit Bondye yo, ann di ke, Jezi Kris ap vini trè byento pou anlve nou. Si Jezi Kris pa Bondye, pa pral gen okenn Anlèvman. Paske yon senp nonm pa ka gen pouvwa ak ase pwisans pou anlve nou.

Mwen pran opòtinite sa a pou ban nou yon lòt eleman disènneman. Moun ki di ke Jezi Kris pa Bondye yo kapab divize an de gwoup: moun posede ak pitit satan. Nou pap janm wè, mwen di pa **janmen**, yon vrè pitit Bondye, soutni ke Jezi Kris pa Bondye. Nou pap janm wè yo.

Kalite blasfèm sa a ka sèlman soti nan yon demon. Swa moun ki di sa a, li posede pa yon demon ki sèvi ak li pou blasfème, swa li menm li se yon demon. Ki sa nou bezwen pou fè pou dekouvri, se tou senpleman ba'l ansèyman sa a. Si li pa yon demon, li pral repanti apre lekti a. Men, si li se yon demon, li pa pral repanti. Demon yo se moun ki te vann nanm yo a lisifè. Yo te chwazi lanfè, epi nou pa ka fè anyen kont sa. Sa a se sa Bib la ansenye nou:

Jan 6:36 "Men, mwen te di nou sa: nou wè m', men nou pa kwè toujou." Lè demon yo pa kwè, se pa paske yo gen nenpòt dout, oswa paske yo pa konvenk. Se paske yo chwazi pou yo pa kwè. **Jan 6:37** "Tout moun Papa a ban mwen, gen pou vin jwenn mwen. ..." **Jan 8:37** "Wi, mwen konnen se pitit pitit Abraram nou ye vre. Men, n'ap chache touye m' paske nou pa asepte sa m'ap moutre nou an."

Jan 8:41 "Men nou menm, n'ap fè sa papa nou ap fè. Yo reponn li: Nou pa pitit deyò non. Nou gen yon sèl papa, se Bondye." Demon sa yo toujou pretann yo gen Bondye pou papa yo, yo toujou pretann y'ap sèvi Bondye tankou nou. **Jan 8:42-44** "... Si Bondye te papa nou vre, nou ta renmen mwen. Paske, mwen soti bò kot Bondye. Se li menm ki voye m' isit la. Mwen pa vini pou kont mwen. Se li menm menm ki voye mwen. ⁴³Poukisa nou pa konprann sa m'ap di nou la a? Paske nou pa kapab tande pawòl mwen yo. ⁴⁴**Se Satan ki papa nou...**"

Jan 8:47 "Tout moun ki moun Bondye, yo koute pawòl Bondye. Men nou menm, nou pa moun Bondye. Se sak fè nou pa vle koute." **Jan 10:26-27** "Men, nou pa kwè paske nou pa fè pati mouton m' yo. ²⁷Mouton m' yo koute vwa m', mwen konnen yo epi yo swiv mwen." **1Jan 4:5-6** "Lè y'ap pale yo pale tankou moun ki nan lemonn. Moun ki nan lemonn ap koute yo paske yo menm tou yo se moun lemonn. ⁶Men, nou menm, nou se moun Bondye. **Tout moun ki konnen Bondye, yo koute lè n'ap pale ak yo.** Moun ki pa moun Bondye p'ap koute nou. Se konsa nou ka konnen diferans ki genyen ant lespri k'ap pale verite a ak lespri k'ap bay manti a."

Poukisa kèk kretyen kwè fasilman nan tout erezi sa yo ke ajan lanfè yo ansenye jodi a? Se yon chwa ke yo te fè, jan nou sot aprann nan lekti vèsè yo ki mansyone anwo a, epi kòm pasaj ki anba a konfime nou li tou: "Yon lè, ou gen pou ou wè moun p'ap vle kite yo moutre yo verite a ankò, y'ap vle pou yo swiv lide pa yo. Lè sa a, y'a reyini yon bann direktè met bò kote yo ki va di yo sa yo ta renmen tande. ⁴Yo p'ap vle tande verite a, y'a pito koute istwa ki pa vre."

2Timote 4:3-4

An reyalite, moun ki soti nan Bondye yo, oswa si nou vle, moun ke Lespri Bondye a rete nan yo, jeneralman pa gen okenn difikilte pou rekonèt Bondye. Mwen pral

ban nou kèk egzanj pou edifye nou: Ka Abraram nan nan Jenèz 18, ak ka Lòt la nan Jenèz 19.

Jenèz 18:1-5 "Senyè a parèt devan Abraram bò pye bwadchenn Manmre yo. Abraram te chita nan papòt kay li, lè ki te fè pi cho nan lajounen an. ²Abraram leve je l', li rete konsa li wè twa mesye kanpe devan li toupre pyebwa yo. **Wè li wè yo, li leve nan papòt la, li kouri al jwenn yo**, li bese tèt li jouk atè pou l' di yo bonjou. ³Li di. Mèt, tanpri. Pa pase devan lakay mwen san ou pa fè yon ti rete. Se sèvitè ou mwen ye. ⁴Kite m' mande yo pote ti gout dlo pou lave pye ou. Lèfini, w'a pran yon ti repo anba pyebwa sa a. ⁵M'ap pote yon ti manje pou ou soutni kè ou pou ou reprann fòs pou ou ka kontinye vwayaj ou. Ou rive lakay mwen, mwen la pou m' sèvi ou. Yo reponn li: -Dakò. Ou mèt fè jan ou di a."

Jenèz 19:1-3 "De zanj Bondye yo rive Sodòm nan aswè. Lòt te chita bò pòtay lavil la. **Wè li wè yo, li leve, li al kontre yo**. Li bese tèt li jouk atè pou l' di yo bonjou. ²Li di. Mesye, mwen la pou m' sèvi nou. Tanpri, vin lakay mwen. N'a ka lave pye nou, n'a pase nwit la la. Denmen maten, n'a leve, n'a reprann wout nou. Mesye yo reponn. Non. Nou pral pase nwit la sou laplas la. ³Men Lòt te fòse yo sitèlman, y' al lakay li avè l'. Lòt pare yon bon manje pou yo, li fè pen san ledven. Epi yo manje."

Kesyon pou nou mande tèt nou se sa yo: Ki jan Abraram te rekonèt Bondye si fasilman pandan Bondye pa t' prezante okenn siy ki diferan? Ki jan Lòt te rekonèt Bondye konsa si fasilman pandan Bondye pat sou yon gwo chwal blan ak zanj tout ozalantou L'?

Repons lan senp. Se lespri Bondye ki te nan yo a ki te rekonèt Bondye. Lespri Bondye a pa gen okenn pwoblèm pou rekonèt Bondye. Donk nou fasil pou konprann ke tout moun sa yo ki pretann yo se moun Bondye san yo pa konnen L', pa soti nan Li; pou moun yo ki vrèman gen Lespri Bondye a rekonèt Bondye. Pa gen vrè pitit Bondye ki ka inyore Kreyatè Li. Sa a se pa posib. Sentespri a ki nan nou an toujou pèmèt nou rekonèt ak aksepte Kreyatè nou an.

Finalman, mwen ta renmen fè apèl a bon sans tout moun ki di ke yo deja kreyen, epi ki kwè ke Jezi pa Bondye. Chè zanmi ki toujou nan kalite rezònman satanik sa a, reveye byen vit, e repanti nou. Rezònman nou an se tou senpleman yon wont. Ki jan yon Kreyen ki kwè ke Jezi se Sovè limanite ka kwè an menm tan ke menm Jezi sa a pa Bondye? Yon senp nonm ka Sovè limanite? Ki jan sa fè posib?

Filip 2:10 "**Konsa, tout sa ki nan syèl la, tout sa ki sou tè a ak anba tè a, yo tout va mete jenou yo atè devan Jezi** pa respè pou non Bondye te ba li a." Si Jezi Kris pa Bondye, kiyès nonm espesyal sa a ye ke nan non li tout jenou dwe bese, nan syèl la, sou Latè a, ak anba Tè a? Èske yon nonm konsa ka egziste?

Jan 5:21 "**Papa a fè moun mouri leve, li ba yo lavi ankò. Konsa tou, Pitit la bay moun li vle lavi.**" Si Jezi Kris pa Bondye, se ke pou nou Li se jis yon nonm. Men, kiyès nonm sa a ye ki se Mèt lavi a nan pwen pou l' bay li ak nenpòt moun li vle. Yon nonm konsa te egziste yon jou?

Plis nou analize sijè sa a, e plis li evidan, ke tout sa yo rele Kreyen sa yo, ki kwè ke Jezi se Sovè limanite a, e an menm tan kwè ke menm Jezi sa a pa

Bondye, montre yon sèten degre idyo ak manke bon sans, piske li tou senpleman enposib ke yon senp nonm se Sovè limanite.

Nou menm lòt Kreyen yo, nou menm vrè Pitit Bondye yo, se pou nou kite blasfèm nan pou moun deyò yo, deba esteril yo ak fo diskisyon yo ki inik pou moun yo ki gen lespri yo fin pouri. Gen sijè ki pa dwe kreye yon ti dout nan lespri yon moun ki pretann li se kreyen. Tout bagay nan Bib la konvenk nou de divinite Jezi Kris Mèt nou an. Anplis de tout sa ke nou te deja mansyone yo, nou genyen Omniprezans Li, Omnisyans Li, ak Omnipotans Li.

5- Omniprezans Jezi Kris

Omniprezans lan se yon karakteristik ke nou jwenn sèlman nan Bondye. Nou konnen ke pa gen okenn kreyati Bondye ki gen fakilte pou li toujou prezan tout kote. Pa gen okenn zanj, ni demon, ni satan li menm pa dote de karakteristik sa a ki sèlman endike sipremasi Bondye, Kreyatè a.

Matye 28:20 "Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba."

Matye 18:20 "Paske, chak fwa de ou twa moun mete tèt yo ansanm nan non mwen, m'ap la nan mitan yo." **Kolos 3:11** "... **Se Kris la ki tout, se li ki nan nou tout.**" **Jan 8:58** "Jezi reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Abraram pa t' ankò fèt, mwen menm, mwen la deja." **Revelasyon 22:13** "Se mwen menm ki A ak Z, se mwen menm ki premye ak dènye, se mwen menm ki kòmansman ak finisman."

6- Omnisyans Jezi Kris

Jezi te konnen tout bagay epi eksplike yo avèk yon tèl fasilite. Li te pale de bagay ki gen pou vini tankou si yo te deja pase. Ann wè yon egzanp edifyan nan **Matye 16:21** "Depi lè sa a, Jezi kòmanse pale aklè ak disip li yo, li di: Fòk mwen moute lavil Jerizalèm. Fòk mwen soufri anpil nan men chèf fanmi yo, nan men chèf prèt yo, nan men dirèktè lalwa yo. Y'ap fè yo touye mwen. Men, sou twa jou, mwen gen pou m' leve soti vivan nan lanmò."

7- Omnipotans Jezi Kris

Li te leve soti vivan nan lanmò: Matye 28, Mak 16, Lik 24, ak Jan 20.

Matye 28:5-6 "Men, zanj lan pran pale, li di fanm yo: Nou menm, nou pa bezwen pè. Mwen konnen se Jezi n'ap chache, nonm yo te kloure sou kwa a. ⁶Enben, li pa isit la. Li leve vivan jan l' te di a. Vini wè kote l' te kouche a."

Mak 16:4-6 "Lè yo leve je yo, yo wè yo te gen tan woule wòch la sou kote. E se te yon gwo wòch. ⁵Yo antre nan kavo a, yo wè yon jenn gason chita sou bò dwat la; li te gen yon wòb tou blan sou li. Yo te sezi, yo te pè. ⁶Men, jenn gason an di yo: -Nou pa bezwen pè: N'ap chache Jezi, moun Nazarèt la yo te kloure sou kwa a? Enben, li leve soti vivan nan lanmò, li pa isit la. Gade. Men kote yo te mete l' la."

Lik 24:5-6 "Medam yo te pè anpil. Yo bese tèt yo atè; men de moun yo di yo konsa: **Poukisa n'ap chache moun vivan an nan mitan mò yo?** ⁶Li pa isit; li leve soti vivan nan lanmò. Chonje sa l' te di nou lè l' te Galile a."

Jan 20:15-17 "Jezi mande li: Madanm, poukisa w'ap kriye konsa? Ki moun w'ap chache? Mari menm te kwè se te mèt jaden an. Se poutèt sa li di li: Mèt, si se ou menm ki wete l', di m' ki bò ou mete li. M'a va al pran li. ¹⁶Jezi di li: Mari! Mari vire bò kot Jezi, li di l' an lang ebre: Rabouni (sa vle di: Mèt). ¹⁷Jezi di li: Pa manyen m'! Mwen poko moute al jwenn Papa mwen. Men, ale jwenn frè m' yo, di yo m'ap moute bò kot Papa m' ki papa nou tou, m'ap moute bò kot Bondye m' ki Bondye nou tou."

Pandan ke satan ak ajan l' yo yo fòse yo pou enstale bann kamera, bann dròn ak bann lòt satelit ak rada toupatou pou yo eseye gen yon kou dèy mondyal nan mond lan, **Jezi Kris** tout kote an menm tan; Li wè tout bagay; Li konnen tout bagay, epi Li ka tout bagay. Jezi tèlman fè bann bagay ke sèl Bondye ka fè. Nan gade bann patikilarite Jezi yo, divinite Li donk endiskitab e pa ka nye.

8- Konklizyon

An konklizyon, frè byen-neme nan Jezi Kris, ak chè zanmi, sonje ke Jezi Kris se Bondye. Li se sèl Bondye ki sove a. Li se Sèl Bondye Vivan an. Li se sèl Bondye ki sèl wa a. Li se sèl Bondye ki chita sou fòtèy la. Li se, tankou Bib la di nan **1Jan 5:20 Bondye tout bon an, ak lavi etènèl. Jezi Kris Bondye**, epi reyalite sa a etabli nan Bib la. Pa imite moun ki te volontèman chwazi lanfè yo. Si nou bay Sali nou an valè, ***kouri pou tout demon sa yo k'ap defye Bondye, e k'ap konteste divinite Kris!***

Benediksyon Bondye pou tout moun ki renmen Jezi Kris, Senyè nou an, ak yon renmen ki p'ap janm fini!

Envitasyon

Chè frè ak sè,

Si nou te kouri pou fo legliz yo e nou vle konnen sa ke nou dwe fè, men de solisyon ki ofri ak nou:

1- Gade si bò kote nou pa gen kèk lòt pitit Bondye ki krenn Bondye e ki dezire viv selon Sèn Doktrin nan. Si nou jwenn, nou lib pou nou mete ak yo.

2- Si nou pa jwenn e dezire pou rejwenn nou, pòt nou yo ouvè, Sèl bagay ke nou mande nou pou fè, se pou li dabò tout Ansèyman yo ke Senyè te ban nou yo, e ki sou sit nou an www.mcreveil.org, pou rasire nou ke yo konfòm ak Bib la. Si nou jwenn yo konfòm ak Bib la, e nou prè pou nou soumèt nou a Jezi Kris, e pou viv selon egzijans pawòl Li, n'ap akeyi nou avèk lajwa.

Se pou benediksyon Jezi Senyè a toujou la avè nou!